1147. Ya ta Raden Patih anulya ling; dhateng Raden Guru Gantangan ika; inggih rai tebeng jengek; duh radén putraningsun; heh sang putra sang bagus sakti; lawas tan panggih radya(n); kangen ua iku; lawas orang apanggia; sok ing pangkon ua linggih jer lawadi; (lan ua) Kean Santang.

1148. Adi emas sampun dika mangkin; krana bok kasiku de sang nata; Raden Patih kendel age; boten malih sumaur; Raden Guru Gantangan malih; jog alun-alun énggal; lan mongmong katilu; rawuh sandaping wandira; Raden Guru Gantangan ngandika aris; marang mongmong katiga.

1149. Ia mayo kakang Parwakalih; sangking ngriki kesah atinjoa; si ibu lan ua gene; Herenbarang genipun; mangsulane kang Parwakalih; Raden Guru Gantangan; sebet mangkat payu; ing dhina iki tumindak; tan antara nindak medhal dhateng jawi; sakedap nulya prapta.

1150. Nulya jebul alun-alun aris; nunten ngaub sasoring mandira; miarsaken gamelané; umyangipun gumuruh; topéng ronggéng talédék muni; kalawan babarongan; réog calung angklung; ririgigan ogélira; kendang pencabadidang lan cara Bali; umyang tanpa rurungyan.

1151. Radén Guru Gantangan nauri; kakakng Parwakalih rungukena; uning gamelan arané; ing pakuwon gumuruh; sawar-

nané gamelan muni; duganingsun si ua; kalawan si ibu; ua Murugul punika; ora ana sedhih priatine mangkin; ing wong kélangan anak.

1152. Embuh mati iku embuh hurip; pan katungkul iku sukan-sukan; apa kaprié sababé; emoh kakang ta ingsun; wong atua dipun temoni; si ibu lan si ua; pijer temen ingsun; ramé-ramé karepira; ora ana talangsara atumolih; mrang anak dén lalara.

1153. Nulya wonten kaléang waringin; mung salembar dhawuh pangkonira; ing Guru Gantangan mangko; sigra cinandhak gupuh; tan pantara nulya tinulis; wondéning unggelira; pénget surat sunu; putrandika Guru Gantangan; katur dhateng kang ibu Nyi Kentringmanik; lan ua Mrugul ika.

1154. Wiosing srat ingkang putra amit; angumbara dhateng tatar wétan; jajahan kalangenané; tapi tangan lan suku; kang pinendem pinggiring kori; lawang sakéthéng pura; ilarana iku; aja ora kapanggih ta; lamun ora kapanggih tangan kuléki; déning kang rama ua.

1155. Wa Murugul raosana mangkin; tan wandhéa balainé teka; dopi sampun tutugéné; géné anulis iku; nyerat wonten godhong waringin; gupuh dén dhamokena; jog pakuwon rawuh; héh sira patra mandira; sira tiba marang pangkon ibu mami; (sa)-sampuné mangkana.

1156. Radén Guru Gantangan nauri; dhateng kakang Parwakalih énggal; payu kakang nuli baé; padha amburu laku; sun kapengin lumampah gelis; marang talatan wétan; Parwakalih matur; héh tanurang rumuhuna; amampira sadéla baé rumihin; ing kuwon Herenbarang.

1157. Pan kapengin temen apapanggih; lan kang ibu tano-rang wis lawas;Nyi Kentringmanik wastané; miwah ua Murugul; sampun lawas ora apanggih; payu padha umpetan; bok ana kang weruh; sang rajaputra ngandika; ora ésa tan wandé gégér nagari; sang satria nonoman.

XLVIII. S I N O M

1158. Mara aja kalayatan; padha miangana maning; nulya énggal alalampah; kang Parwakalih angiring; sabaturé lumaris; kasigeg ingkang lalaku; kocapa ibunira; kang nama Mas Kentringmanik; ana lawang ingkang lagi akaruna.

1159. Tan alian kang dén sambat; mung Radén Tanorang mangkin; orana lali sakedhap; karana rahina wengi; tan adangu ing mangkin; nulya jog tuleang rawuh; niba ing pangkon pisan; pangkoné Nyi Kentringmanik; tiningalan wonten seseratanira.

1160. Anulya serat winaca; kantenan unggelé iki; nulya anjrit tangisira; dhateng kang raka merpeki; sang Murugul nulyangling; rai sing endhi anakku; Radén Guru Gantangan; ing ngendhi baya généki; anak ingsun amung ana suratira.

1161. Seratipun haturena; dhateng sang Murugul aglis; nulya sang Murugul mulat; sarta angandika hihih; si adi Kentringmanik; arep apa pan malayu; angungsi marang ingwang; ana gawé apa iki; inggih raka Kentringmanik saurira.

1162. Kula kadhatengan serat; godhong waringin tinulis; wondéning unggeling serat; pengét serat putra mami; tebeng soring waringin; Radén Guru Gantangan ngaub; dhateng ibu kaula; wasta déwi Kentringmanik; miwah ua Murugul ing Sindhangbarang.

1163. Sasampuné ingkang serat; ing mangké kaula amit; ajeng késahing ngumbara; lintanging banuang Keling; Barebes kang kapéring; loronging Cirebon langkung; jajahan tatar wétan; Nusa Cina kang dénungsi; mung punika sikil lawan tangan kula.

1164. Kang pinendem pinggir lawang; lawang sakéthéng ing puri; muga dipun ilarana; aja tan ora kapanggih; lamon boten kapanggih; raosena mangké iku; ua Murugul ika; tan wandé manggih balai; angandika ing mangké Sang Surabima.

1165. Héh kadhar iya mangkana; rai yén simangkanéki; payu nakku Surasobat; Surakandaga nak mami; tabuha bendé gelis; satengahing alun-alun; kon kumpul wadya bala; wong Erenbarang pepeki; konang gawa prabot wadung lawan tatah.

1166. Golok bedhog dén samakta; werku lan petél ragaji; linggis congkang dén samakta; Surasobat amngsuli; Surakandhaga sami; inggih sumongga anuhun; tan dangu Surasubat; nyandak bendé dén pukuli; tinabuan tinitir mong-mo(ng)-mong-mongprang.

1167. Gedé cilik amirenga; kang parek miwah kang tebih; wong cilik padha rarasan; batur bendé apa iku; sawenéh anauri; bendé gangsa wastanipun; iku ucap owng sasar; wonten wong bener nauri; tegesena gustiku amepek bala.

1168. Sarta anggawa dangdanan; saprabot kang perang candhi; candhi putih Pajajaran; parabot tatah ragaji; wadung wareku linggis; enggoning candhi puniku; udiking Pajajaran; Surasubat matur aglis; inggih rama timbalan sampun samakta.

1169. Kathahing titiang dhomas; pada nyepeng prabot sami; kang rama nulya ngandika; dhumateng kang putra aglis; Surasubat saiki; mianga bareng sadulur; lawan Surakandaga; giring wadya bala alit; mring nagara Pajajaran gémén prapta.

1170. Tegor candhi kabuyutan; wis olih gawanén mriki; aja sambat amatura; sumongga yén wis kartosi; Surakandaga sami; matur nembah amit gupuh; anggiringaken bala; tan adangu nulya prapti; enggonira ing udik nulya kape(n)dhak.

1171. Surasubat angandika; lah iki sang candhi putih; mara dhi Surakandaga; ketakena wadya alit; kon negor candhi putih; Surakandaga agupuh; mara batur jokena; prabot marang candhi putih; gih sumongga wadungipun tujahena.

1172. Jog kaceb/a/ peredhahira; dén cabut maluya maning; sapisan pindho ping tiga; sesig kang ganti gumanti; candhi genti kapakti; dén cabut malih wus liput; ingkang negor punika; telas tenaga niréki; tan adangu Surasobat jeng matura.

1173. Humatur dhateng kang raka; Surakandaga turneki; kakang daweg amatura; dhumateng (jeng) rama gipih; lampah anulya prapti; kang putra nulia rawuh; anembah amatura; sangking cungcatar kuléki; pan anegor candhi datan wonten angsal.

1174. Kula lan Surakandaka; sumawona bala alit; datan wonten sumanggema; angerbahaken kang candhi; boten kuat ta mangkin; wus genting pan antukipun; walujenga kéntasa; kang rama ngandika mangkin; yen mangkono mangko domban amarana.

1175. Sang Murugul angandika; sira marang Kentringmanik; adhi kakang arep lunga; amurugi candhi putih; Kentringmanik nauri; inggih kakang kula milu; barenga lawan kakang; bareng Surasubat sami; lah dawega wong titiga alumampah.

1176. Sang murugul lampahira; sakedhap anulya prapti; tanpantara candhi putih; anulya dipun rangkuli; nulya binedhol

aglis; tinarik sapisan jumbul; candhi kabakta pisan; badhé binakténg nagari; punang candhi dipun ceblokaken sigra.

1177. Tengahing lun-alun pisan; pan lampahing candhi putih; kinarya wuluku pisan; alun-alun dénideri; kocapa Kyana Patih; ing sasaka dhomas kumpul; miwah mantri ponggawa; tan (a)na sumaur mangkin; pan malengek para ponggawa sadaya.

1178. Kyan Patih nulya ngandika; héh batur aja ngopéni; kéndelana (ing) kéntasa; bok rambat kamalé mangkin; aréréh dhateng mami; apén-apén ora weruh; iku kudu dénraksa; rarasan pating calemik; pan Murugul mundur kang maluku lemah.

XLIX. D U R M A

1179. Guguneman para ponggawa sadaya; sami padha ningali; lah kados punapa; kang Murugul prabotya; waluku rupané putih; boten jugala; kiniwatakén aglis.

1180. Pan cinicin lamajang sang Surabima; sinjang nang bokongnéki; kalananganira; dén beneraken pisan; dige maluku ing siti; gangsur-gangsuran; peli landep ngabelis.

1181. Gagangsuran angener dhatenging lawang; lawang kamuning gadhing; rempag pupuk papal; gulang-gulang suminggah; lajeng pamulukunékih; jog kanten pisan; jambrong lopérén nyingkir.

1182. Pan malebet sang Murugul ning jro pisan; siti sampun maradin; nanging tan kape(n)dhak; sikil kalawan tangan; épék-épéké sakalih; lan dhalamakan; ya kang boten pinanggih.

1183. Angandika ing mangke sang Surabima; kaprimén Kentringmanik; mangko tan kape(n)dhak; sikil kawalan tangan; ma(ng)sulana Kentringmanik; ing kakangira; ajenga tan kapanggih.

1184. Payu kakang mulih dhateng Erenbarang; lah iya payu adhi; amulih sadaya; nang kono Erenbarang; kocapa ki Parwakalih; mongmong katiga; lajeng ngambah wanadri.

1185. Jurang renjeng wanawasa dipun ambah; angener lampahahnéki; tan dangu jog prapta; dhateng tepi samudra; mangu tepining jaladri; ningali palwa; lagi labuh ing pinggir.

1186. Angandika Rahadén Guru Gantangan; héh kakang Parwakalih; ika prahu apa; mara kakang ta gona; matura inggih sumawi; lah kaki palwa; paman mampera mriki.

1187. Lah kirané rep ming kita ika; sabandar ngucap aglis; marang ki nangkodha; kakang abaning apa; kaya suwaraning belis; pinggir sagara; Radén Tanurang angling.

1188. Jing si kakang tua-tua bangkal warah; sok sun ananakoni; rahadyan ngandika; kyan téja sulaksana; nika tiang sangki(ng) pundi; panedha kula; mugi sakedhap mampir.

1189. Loh tanurang lok wau nyaur priyongga; karsa/sa/ kadya punapi; matur ki sabandar; kalayan ki nangkodha; punika titiang pundi; becik ababnyah; payua padha minggir.

1190. Dopi sampun anyambéng kai tanura(ng); sang rajaputra angling; gih kayi kula; yén wonten lega manah; kula ajeng andhatengi minggahing palwa; saréncang kula mangkin.

1191. Cih sumongga saura punang sabandar; sang rajaputra angli(ng); dhateng ki sahbandar; palamarta jandika; kula ragi pitambuhi; dhateng andika; dika jeng dhateng pundi.

1192. Lan malihé ing pundi kang dipun sedya; lan sapa kang wawangin; lah inggih ki sanak; takén lampah kaula; labet kaula agrami; ajeng mantuka; Nungsa Cina denungsi.

1193. Awondéning pitakon wasta kaula; kula wasta pribadi; punika sabandar; kaula ki nangkodha; balik kula tan udhani; ing jeng andika; teja sulaksanéki.

1194. Angandika sing pundi ingkang pinongka; lajenga dhateng pundi; sinten ingkang wasta; rajaputra ngandika; angsaling dika rumiyin; sing pasabenan; sangking sawah tunggilis.

1195. Seja kula ajeng ing ngamén kamasan; yén wasta k(a)uléki; winangun kawasta; wasta Radén Kamasan; Margalaya nyilih kénging; inggih kaula; ajeng numpang palwéki.

1196. Sumaura ki sabandar ké nangkodha; inggih dhaweg samangkin; iku ké nangkodha; sami kang bibisikan; héh adhi sabandar mangkin; yén ingsun duga; wong numpang sun wadéni.

1197. Sun badhéa dudu uwong sambéwarang; sun dulu warnanéki; ing pasemonira; dedeg pangedegnéki; tanwandea tiang becik; bagus priyongga; sadawa ingsun hurip.

1198. Pan cinatur iku kabecikanira; wadana durén sajuring; tenggak lunging jangga; halisé roning imba; babathuk nyela candhani; bahu lar wijang; pundak naraju pasti.

1199. Grana lungid lathiné manggis arengat; gulu ngolan-olani; hidepé tur papak; srenteg pangawakira; wates pundhak sinumapngi; tangan gondhéwa; gondhéwa putung ma(ng)kin.

1200. Yén sinawang kaya putraning naréndra; dadi payu gawani; nunggang prabu kapal; iku parenahena; mamajang salimar gadhing; lah ké sabandar; nangkodha sami angling.

1201. Gih sumongga Radén Kamasan anglenggah; ngalih salimar gadhing; inggih lah dawega; wangsul Radén Kamasan; nulya rambut jangkarnéki; ambabar layar; lumaris lampahnéki.

1202. Silirané barat laut kang déngawa; sumruwug kapalnéki; tan kawarnéng marga; nalikané lalampah; kocap tanjungan kaéksi; ing Nungsa Cina; katon sakepel alit.

1203. Apitakén mangké Rahadén Kamasan; lah ki sabandar iki; miwah ki nangkodha; punika sangking wétan; katon tanjunganéiki; pasitén Cina; kang sabandar mangsuli.

1204. Ki sabandar sumawona ki nangkodha; pan samya amangsuli; lah inggih punika; kang wasta Nungsa Cina; logawa ing wartanéki; ingkang agadhah; punika kang nagari.

1205. Ingkang darbé wastanira ratu Cina; darbé putra satunggil; wanoja tur éndah; wasta gih Ratu .Kembang; sadérék misan satunggil; jaler sambada; Mundhing Cina wastéki.

1206. Darbé adhi pawéstri ayu satunggal; wondéning wastanéki; Nyi Rindu Wangsa, nanging wonten punggawa; kang tutunggon mung satunggil; jujulukira; Gajah Kayapu mangkin.

1207. Ageng inggil dedeg Gajah Kayapuka; darbé adhi pawéstri; mung darbé satunggal; wondéning wastanira; Nyi Payung Agung kang nami; Radén Kamasan; kula jeng takén malih.

1208. Gih kaula masih tambuh lan Ki Gajah; ayu-ayu saiki; papacanganira; sapa sinten punika; ki nangkodha amangsuli; inggih punika; Nyi Randu Wangsanéki.

1209. Awondéning pernahé Nyi Ratu Kembang; kutha Gandok généki; micanten mangkana; mangké Radén Kamasan; lah kaula kadi pundhi; sapami minggah; dhateng daratan mangkin.

1210. Dopi kula ajeng ngamén angemasan; boten wonten nawisi; nanging yén krempagan; ajeng mariku uga; kutha Gadog denjujúgi; daweg kéntasa; kakantén astanéki.

L. KINANTI

1211. Ki nangkodha sauripun; kula nuduhaken margi; tan adangu nulya prapta; lah Radén Kamasan iki; sumaur dhateng nangkoda; héh kyai sakalihneki.

1212. Kaula boten adangu; yén kula angriribedi; dhateng sarira sampéan; wiréhing sampun dumugi; prapta dhatengi muar; palamarta dika mangkin.

1213. Nedha pitandang kang nuduh; anudhuhakening margi; dhateng kutha Gadog iki; nanging panedha kuléki; sampun ngambah dhalan gungan; kathah simpangning mangkin.

1214. Yun marga satunggil tinut; samangke andika kari; kaula amita mentas; dhateng darat kula mangkin; daweg saur ki nangkodha; kalih ki sabandar sami.

1215. Ki sabandar karsanipun; jeng nganteraken pribadi; andérék Radén Kamasan; kalihé lan Parwakalih; kaping tiga Gelap Nyawang; Kidang Pananjung patnéki.

1216. Dénanter juragan prahu; dopi sampun joging margi; mung marga sampun satunggal; boten wonten nimpang malih; daweg jeng dika kéntasa; margi leser mung satunggil.

1217. Kaula ngantos puniku; Radén Kamasan nauri; lah inggih nuhun kaula; tatakon kang Parwakalih; héh tanurang primén akal; lah mon sampuna dumugi.

1218. Joging pamajikan rawuh; nulya mangké dénkéngkéni; sabab wontening kamasan; bok mangkono ora bangkit; pasti dadi (le)leburan; kitha bok den jamalani.

1219. Radén Kamasan awangsul; embuh bisa buh tan bangkit; arep ginahu kéntasa; kakang bok manawa bangkit; kang Parwakalih angucap; sababé langkara iki.

1220. Dédé kamasaning wau; kang ngamén pan durung bangkit; tan adangu nulya prapta; pamongmong katiga ngiring; Léngsére nulya tumingal; tatakén dhateng tatami.

1221. Héh tatami tiang bagus; dika ajeng dhateng pundi; mangsula Radén Kamasan; jeng ngamén ngamasan mangkin; manawi bandaranira; ngarsakaken ambeciki.

1222. Léngsér gancang munjuk matur; ngaturakening tatami; mindik-mindhika tetian; kulanun bandara gusti; kaula hatur uninga; wonten tiang bagus prapti.

1223. Jeng dhayoan sejanipun; angamén ngamasan mangkin; bilih gusti ngarsakena; anglebur jené kang adi; Ratu Kembang angandika; mara undhangen mariki.

1224. Tan dangu denundhang rawuh; Radén Kamasan medheki; andhépok wontening latar; Ratu Kembang ngandika ris; sampun dika jagongrika; daweg linggiha mariki.

1225. Linggih dhateng madé luhur; satata lan kula iki; Radén Kamasan mangsula; inggih kajengé ngariki; nunten pinaksa kéntasa; Radén Kamasan nembah ris.

1226. Nunten minggah madé agung; Ratu Kembang takén aris; héh bagus kula tatanya; réh kula tambuh samangkin; tiang pundi jeng andika; sarta sinten kang wawangi.

1227. Dhateng pundi dipun jujug; gih nuhun kaula iki; kula boten darbé désa; kuléang simbaring mangkin; medhal sangking pasabinan; katelah sawah tunggilis.

1228. Wasta kaula puniku; wulangun kang ngawastani; winasten Radén Kamasan; Margalaya kula iki; ajeng ngamén angemasan; seja kaula samangkin.

1229. Mas Ratu Kembang sumaur; kenangkalé pundi iki; titiang saé utama; bagus anom tur respati; terus lan wicantenika; warni pekik anjalantir.

1230. Héman temen tiang bagus; teka angamasan iki; humatur Radén Kamasan; gih lumayan kula mangkin; upadosé seténg suwang; enggo balanja ing mangkin.

1231. Sandang pangan sapuniku; hina kasési; sangking panggonan kaula; Ratu Kembang coping galih; tan dangu Nyi Ratu Kembang; medhal sususuguhé gelis.

1232. Kang daharané lumintu; pucang sedhah woh rumiyin; déning wowohan kalian; rambutan duku lan manggis; palias barang tatangan; saking kathah warnanéki.

1233. Ratu Kembang ngandika rum; hé Radén Kamasan iki; sing kakang adarbé sengkang; langkung pélag warnaneki; pinten-pintening kamasan; si kakang kinén dhandani.

1234. Kamasan weléh sadarum; boten purun saé malih; manawi sang adhi coba; waged mangké andangdhosi; sengkang sigra tinampenan; Radén Kamasan nembah ris.

1235. Dipun iling-iling iku; sengkang langkung saénéki; dénelus-elus kéntasa; dopi meléng tingalnéki; punika Nyi Ratu Kembang; Radén Kamasan gnuculi.

1236. r'unang pajimatan kruhun; wasiat bathara iki; sang bathara Nagaraja; ing mas uré dénusapi; kaliani duworéna; sengkang kasmarane mangkin.

LI. ASMARANDANA

1237. Sengkang sampun dénusapi; walujeng warnaning sengkang; langkung sangking rumihiné; alusé kabina-bina; barkat Radén Kamasan; sengkang sampuna kahatur; dhumateng Mas Ratu Kembang.

1238. Sumangga raka mas tampi; Ratu Kembang énggal nampa; sampun tiningalan agé; walujeng ilir sangkingkina; kados sinepuh anyar; Ratu Kembang atur nuhun; kados pundi kula nrima.

1239. Nyi Ratu Kembang ing mangkin; dadi hémeng manahira; ngandika ming dadayohé; héh bagus adhi si kakang; langkung nedha pitandhang; pitulungé adhi bagus; dopi mangké yén kénginga.

1240. Sampun dika késah malih; ngungsi sanési nagara; kandheg Nungsa Cina mawon; mangsuli Radén Kamasan; inggih dérék raka mas; boten lenggana karséku; danguninga paguneman.

1241. Ratu Kembang ngandika ris; dhateng para inya énggal; kaparimén bocah wadon; teka isin temen ingwang; yén dhateng dadayohan; teka ora diwéh suguh; déning longka temen sega.

1242. Longka beras longka pari; pailan kagila-gila; Dén Kamasan ngandika lon; dhumateng kang raka emas; sampuna dados manah; andika yén wonten iku; kaula nedha patumbas.

1243. Waos kinten pitung wiji; mangsuli Nyi Ratu Kembang; sasat hurip tiang kéné; nyimpeni ewos punika; Léngsér mara mianga; sira manjinga ming lumbung; bok pitung wiji manggiha.

1244. Adat Léngsér sari-sari; sakecap kalian luncat; sampun lebet lumbung mangko; gagendhir dencékelena; déngubugi ping tiga; jedhak gebrag-gebrag-gebrug; pantun pitung wiji ana.

1245. Pantun nulya dénaturi; dhumateng Radén Kamasan; nanedha sing inggil mangko; mugi pantun tumengaha; waunipun binakta; pinggir kikisik tinandur; dénkeduk kuku malela.

1246. Nanedhané dhateng inggil; katura ing sang bathara; Bathara Guru jenengé; Guruputra tegesika; Hiang Bayu Wekasan; purwanipun sang rumuhun; dados déwa sastranira.

1247. Tumurun panedhanéki; tumiba dhateng pratala; katur bathara ing mangké; sang nurgaha purwanira; Bathara Nagaraja; sasampunipun anedhuh; Raden Kamasan mangsula.

1248. Minggah madé sampun linggih; méndung ributing buntala; gupuh tumiba ririsa; dhumateng puna taneman; cukul datanpantara; cumampaka punang pantun; pantun cukup nulya medhal.

1249. Tumuku ranggéné mijil; tan dangu dénaturena; héh raka mas wis sedhengé; anéni mugut sumongga; Ratu Kembang ngandika; héh bocah wadon sadarum; padha gémén anénika.

1250. Krana sampunditimbali; déning Rahadén Kamasan; boten sayaning kedhika; punang pantun saya wria; sayan saé kéntasa; sampuningsal rugenipun; pinten-pinten gédhéngira.

1251. Sami mendhak kang ngenéni; Radén Kamasan ngandika; dhateng Ratu Kembang mangko; héh raka mas durung pragat; kang déniyani ika; enéni malih puniku; gumujeng Mas Ratu Kembang.

1252. Tegané kathah kang kari; sapuningsal pirang-pirang; masihé kathah kantuné; bocah wadon agé mara; ani-aninen padha; wong kutha Gandok kon kumpul; lanang wadon kumpulana.

1253. Kang sawenéh kon ngunjali; sawenéh mérés amijang; sampun lebet lumbung mangko; ing(kang) sasining tandara; kon gawa séwang-séwang; a(m)bukti sapuna tu(m)puk; wong kutha Gandok sadaya.

1254. Sigeg kang sugihing pari; kocaping pakuwonika; Nungsa Cina pakuwoné; lagi sangeting paila; lah Nyi Rindu Wangsana; dhateng papacanganipun; mangkana matura mondhah.

1255. Héh ki bakal panganténi; daweg andika mianga; ngilarana pantun agé; ing ngariki boten kétang; yen sampun sami resak; déning kaluén wong iku; Gajah Kayapu tumindhak.

1256. Gajah Kayapu amanggih; wong ngarembat pantunika; sadugil sisik rembaté; nulya dén rebut kéntasa; kabakta lajeng énggal; katur papacanganipun; dhateng Mas Rindu Wangsana.

1257. Pantun sampun dentampani; sarta kringete dénusap; Nyi Rindu Wangsana agé; sumaur dhateng kang raka; iku Kén Ratu Cina; Mundhing Cina kalihipun; nun raka mas Ratu Cina.

1258. Raka mas sakalihnéki; kulamit ajeng sasanjan; kula jeng niliki mangké; awasta Nyi Ratu Kembang; punika raka kula; kawartos; gadhah tatamu; prajaka tura kamasan.

1259. Ing kutha Gandok samangkin; saé dadamelanira; papajar malia agé; dhateng papacangan énggal; héh raka bakal ika; kaula amit amantuk; sasanjan dhateng kang raka.

1260. Ratu Kembang dén jujugi; kutha Gandok pernahira; Ratu Cina boten awéh; Mundhing Cina tan awéa; héh babu nyai ika; aja sok sasanjan iku; ora ésah temahira.

1261. Mila ora ogak iki; sabab dué papacangan; Rindu Wangsana sauré; boten kakang rayindika; lagi apéngin pisan; kang Ratu Kembang kapethuk; mijil kakalih wanodya.

LII. M I J I L

1262. Pan kasigeg pawéstri wis mijil; kang kawarna mangko; Ratu Kembang wonten kutha Gandok; karsa mantuk ing pakuwonéki; Nungsa Cina mangkin; lami boten mantuk.

1263. Ratu Kembang angandika aris; héh Radén samangko; pan si kakang kangen ing sadérék; ingkang masih wonten ing nagarai; Ratu Cina iki; gih punika dulur.

1264. Wonten malih dulur misan siji; Mundhing Cina mangko; adhi Rindu Wangsana haturé; lagi duéni pacangan iki; wastané puniki; Ki Gajah Kayapu.

1265. Ratu Kembang angandika malih; Dén Kamasan mangko; lah yén waged késah manawiné; arsa ndérék késahing nagari; gih sumongga ngiring; Ratu Kembang matur.

1266. Mara Léngsér dhangdhanana joli; ingsun lunga agé; ming nagara jujuga pakuwon; paning kuda palanana aglis; Dén Kamasan mangkin; kang anitih iku.

1267. Sampun tutas Léngsér nulya amit; mapaken sélané; pana mubyar paremas sebraké; apanganggе kang sarwa mas adi; kudhanipun pérsi; pun Léngsér amatur.

1268. Gih bandara sumongga turanggi; palana pun saé; Nyi Mas Ratu Kembang ngandika lon; héh adhi Kemasan énggal nitih; Dén Kamasan angling; kudhu raka kruhun.

1269. Ratu Kembang nunten nitih joli; Parwakalih mangko; pana matur suka gudhabig hong; lagi suka ing samargi-margi; bocah wadon kéring; pan sarwi gumuyu.

1270. Parwakalih sabaturé sami; asuka sisiwo; dhangu ning dhangu kang bocah wadon; tebeng lampah Ratu Kembang mangkin; kasrandu ing margi; lan sadérékipun.

1271. Kamayangan kapanggih ing margi; gepyah sadayané; putra tiga kang bagé binagé; Ratu Kembang iku kang satu(ng)gil; Rindu Wangsanekih; miwah Payung Agung.

1272. Rangku-rinangkul awali-wali; kang takon-tinakon; Nyi Mas Rindu Wangsana sauré; dhateng raka Ratu Kembang mangkin; sengkang katingali; langkung saénipun.

1273. Héh raka mas Ratu Kembang iki; sengkang kula tinon; sakalangkung-langkung ing saéné; gih kaula ajeng aningali; Ratu Kembang angling; sumangga dicabut.

1274. Kakang sinten ingkang andadhosi; kamasane mangké; gih punika rai kamasané; ingkang nunggang kudha saking wingking; ampuh temen iki; kamasané luhung.

1275. Payu rai bangsula nagari; ngiring raka mawon; pana gunem samarga-margané; prakawisé kamasun puniki; angsal saking pundi; mila langkung ampuh.

1276. Yen kang rai takon angsalnéko; punika sanggemé; tiang saking pasabainan goné; sabin tunggilis ingkang karihin; pawéstri kakalih; punika kang saur.

1277. Sapa sinten wastané puniki; raka matur alon; inggih Radén Kamasan kémawon; sejanipun ajeng ngamén ngriki; Rindu Wangsana ngling; kalih Payung Agung.

1278. Bagus temen nulya abibisik; samarga dén tinjo; dados jali titiga andérék; nulya Radén Kamasan ing wingking; tan cinatur margi; tan antara rawuh.

1279. Gumarebeg ingkang lagya prapti; ing alun-alun jog; puanng uwuh Ratu Kembang mangké; sing katebian upuh-upuhi; raka kula prapti; isin kula iku.

1280. Réhing boten wonten kang bagéki; langkung tampi raos; dopi miréng Ratu Cina mangké; babu adhi uwis teka maning; Ratu Kembang mriki; legi budinipun.

LIII. DANGDANGGULA

1281. Mara adhi Ratu Kembang linggih; lawan adhi Nyi Rindu Wangsana; Payung Agung katigané; Mundhing Cina puniku; Gajah Kayuapu ngariki; mara adhi panggia; Ratu Kembang rawuh; kasarandu nulya prapta; pan jinumlah ambagé cawisan aglis; bagéa tiganira.

1282. Inggih nuhun sakatiganéki; wangsulané Nyi Mas Ratu Kembang; Gajah Kayapu sauré; gih ambagé kahatur; Ratu Kembang sumaur aris; dhateng raka sadaya; kaula jeng atur; kaula darbé prajaka; wastanira Radén Kamasan puniki; kedah jeng dika sambat.

1283. Utawi dénbagekakén aglis; kén linggia ing pasowan jaba; Gajah Kayapu ken bagé; tiang anyar puniku; lamon boten sinangbrameki; dadi alit manahnya; Ratu Cina matur; Mundhing Cina samya nabda; nulya Gajah Kayapu miang agipih; dhateng pasowan jaba.

1284. Inggih adhi sumangga alinggih; sarta layan pun kakang katuran; pangbage ing linggih radén; gih raka kula nuhun; panangkrama jeng raka mangkin; Radén Kamasan nembah; wis tata alungguh; katarimbang linggihira; sanyang Gajah Kayapu sareng alinggih: sampuning samangkana.

1285. Nulya Rindu Wangsana tuturi; dhateng raka emas Mundhing Cina; héh raka kaula tinon; sengkangé raka iku; Ratu Kembang kula tingali; saé kalintang-lintang; langkung sing karuhun; sengkang kang rumuhun bangga; sakathahing kamasankang andadosi; tan wonten kang tiasa.

1286. Dopi mangke wis waluya jati; angsal Radén Kamasan punika; sakalangkung ing saéné; Mundhing Cina sumaur; héh Nyi Rindu Wangsana iki; baya ta duénira; pan wawadhah sangku; apa uwis rosok pisan; apa éa ora kena dén dandani; kamasan pirang-praing.

1287. Ingkang padha iku angdangdani; padha ora olihakenika; ora kaduga sanggupé; ajana sayan alus; anggur dadi rosoké iki; mara lah juputana; bocah wadon gupuh; sangku punang katur énggal; dhateng raka Ratu Cina matur aris; kang emas Ratu Cina.

1288. Gih punika gadhahé pun adhi; padha ora olihakenika; sangku rorosokan mangko; wingi (ya) pranti adus; kedhah raka mangké nimbali; dhateng Radén Kamasan; dangdosi puniku; adhiku Radén Kamasan; maréné ya si kakang ajeng kongkoni; dhangdhani sangku ika.

1289. Sangku kancana dué Si Nyai; Rindu Wangsana yén /dén/bisa mulya; maluyakaken den sae; atawa ora sanggup; agé mara tampana gelis; gupuh Radén Kemasan; nampenipun sangku; énggal tingalana; warnanira Raden Kemasan liniling; dénelus-elus enggal.

1290. Dopi meléng Ratu Cina iki; Mundhing Cina muwah kancanira; Radén Kamasan ing mangké; jimat cinabut gupuh; emas angsal aleleboni; dénewori dahira; tanpantara sangku; sampun walujeng kalintang; warninira langkung sangking warni krihin; sigra dénaturena.

1291. Dahteng Ratu Cina dénaturi; dyan cinandhak énggal tiningalan; punang sangku ing warniné; malengek manahipun; réhing sangku warniné luwih; Ratu Cina anabda; ming sadhéréki-

pun; adhi mara tingalana; warnanira sangku uwis luwih becik; lintang warni sing kina.

1292. Radén Kamasan nyata yén luwih; dudu uwong sambéwara ika; dudu wong bandrakan mangké; sabab sakti kalangkung; iku Radén Kamasan luwih; sakti amondraguna; Rindu Wangsanéku; langkung bungah manahira; réh kagungan iku sangku luwih becik; nulya dénenggo sigra.

1293. Nyai Rindu Wangsana nauri; héh kang raka Ratu Kembang ika; miwah Payung Agung mangko; sumangga késah adhus; tiang tiga sareng ming kali; Ratu Cina ngandika; Mundhing Cina iku; héh adhi Rindu Wangsana; aja miang krana lagi gedé kali; bok mangko éling sira.

1294. Nyai Rindu Wangsana samangkin; pana maksa pinenging tan kena; Rindu Wangsana sauré; bok apa ngriki adhus; boten kakang ajeng ming kali; kapingin ciciblonan; anglangi silu?up; kedhung jero kula ambah; lah ing kono bocah tan nolih pinenging; tan dangu nulya budhal.

1295. Para putri sadaya lumaris; pan déniring pawongan sedaya; gumrebeg pinggiring lépén; nulya samya anggebyur; asisiblon ana anglangi; langkunging raktahire; kang siram gumuruh; wanéh akokosok tangan; kang asiram sadaya katisan sami; pan Ratu Kembang mojar.

1296. Payu adhi Rindu Wangsanéki; Payung Agung Padha amentasa; sigeg kang mentas samangko; wonten kocapa iku; Dén Kamasan tebeng alinggih; wonten pasowan jaba; nunten apitekur; amedhalaken kasaktyan; pana nyipta warnaning kapiting putih; tuten saujaring yyang.

1297. Sang kapiting supitina gelis; sangkunira Nyi Rindu Wangsana; tanpantara pamedhalé; sang kapiting tan dangu; pana gupuh nulya sinumpit; sangku nulya binukta; dhateng tengah kedhung; kocapa kang lagi siram; Ratu Kembang Payung Agung samya tapih; miwah Rindu Wangsana.

1298. Saurira Rindu Wangsanéki; bocah wadon mara sangkunira; sira gawanen agé; inggih bandara nuhun; sangku wau wonten ngariki; sangku ing mangké ical; embuh paranipun; Nyi Rindu Wangsana mulat; ing lor wétan kidul lawan kulon gipih; waléh boten katingal.

1299. Nyai Rindu Wangsana ningali; dhateng toya nulya katingalan; kambang-kambang ing tengahé; anulya kalem timbul; Nyai Rindu Wangsana anjrit; bok sa(ng)kuni(ng)sun tiwas; primén akalipun; kaya ana kang agawa; drubiksané mara bocah wadon aglis; sira yudhakénaka.

LIV. PANGKUR

1300. Bocah wadon gé juputa; pada gémén sira buruna (a)glis; mupung sakuné kadulu; bocah wadon anembah; gih bandara kaula wedos kalangkung; karana kathah durbiksa; Nyi Rindu Wangsana nangis.

1301. Gumuling ana ing lemah; pan gumuruh gégér saréncangnéki; kapireng dén rakanipun; Ratu Cina Ndhing Cina; apa gégér ing kali sami gumuruh; Ratu Cina angadika; kén Mundhing Cina dombani.

1302. Agé si adhi tilika; lagi adhus karengeng ting jalerit; Mundhing Cina énggal rawuh; dhateng lépén tumingal; rayinira Rindu Wangsana ngis asru; gumuluntung anéng lemah; Mundhing Cina atakéni.

1303. Héh adhi Rindu Wangsana; kenéng apa nangis gumuling siti; Nyi Ratu Kembang amatur; inggih si adhi ika; katiwasan puniku gadhahé sangku; ical wis wontening toya; kumambang tengahing kali.

1304. Mundhing Cina nulya nabda; héh kang rai lah uwis aja nangis; kagila-gila kalangkung; déning sangku punika; mangsa wurung kéna maning ingsun juput; gupuh gebyur Mundhing Cina; anjuputa sangku gipih.

1305. Ngalangi tengahing toya; pan cinandhak punang sangku déntarik; tapi sangku luwih kukuh; réh ana kang agawa; pan tinarik sing andhap muwah sing luhur; tarik-tinariké samya; sinupit kapiting putih.

1306. Mundhing Cina sampun medhal; punang sangku gupuh dipun uculi; wis ora kaduga ingsun; tumandheng Ratu China; héh si adhi Mundhing Cina agé bangsul; énggal balik ning pinggiran; Ratu Cina gebyur gipih.

1307. Coba ingsun dak tumandhang; tan wandéa sangku pan gelis olih; tan wurung kagawa iku; sasampun anggebyura; pan cinangking tinarik sayan akukuh; tinarik dhateng ming andhap; déning sang kapiting putih.

1308. Ratu Cina kawalahan; sampun telas tanagané wis sisip; sangku dipun ucul gupuh; balik dhateng pinggiran; tinariké alot pisan sayan kukuh; sasambat tobat-tobata; munggah burial buncelik.

1309. Iku sangku kenang apa; lah ing kono Rindu Wangsa nulyangling; dhateng Gajah Kayuapu; amonde-monde ika; hel kang bakal pangantenanedha tulung; daweg jang andika tandha, juputen sangku kuléki.

1340. Lah yén supama kacandhak; kasrahaken dhateng kaula mangkin; mengko soré kawin gupuh; kawin kalawan dika; sumaura mangké Gajah Kayuapu; hih Nyi Mas Rindu Wangsana; sapira banggané iki.

1341. Mangsa wurunga kagawa ming dharatan aja sumelang ati; Rindu Wangsana puniku; kang alangi si kakang; nulya gebyur dhateng satengahing kedhung; dopi dhateng tengahira; cinandhak sangku tinarik.

1342. Tinarik malih sing andhap; pana rosa kapiting putih luwih; kalah Gajah Kayuapu; telas tanaganira; gupuh balik ing

pinggir Gajah Kayapu; totobatan tan kaduga; tan sanggup si kakang batin.

1343. Ratu Cina angandika; marang Léngsér sira lunga agelis; ingsun kon angundhang gupuh; dhateng Radén Kamasan; gih sandika si Léngsér malempat rawuh; maturing Radén Kamasan; dika undhang dén agipih.

1344. Énggal Rahadén Kamasan; tan adangu prapta pinggiring kali; Ratu Cina ngandika rum; héh rai Dén Kamasan; mulanira pun kakang angundhang gupuh; pun kakang aminangsraya; juputen sangku si adhi.

1345. Lamon kangsia kabakta; kasrahaken sangku marang si adhi; embuh panarimaningsun; matura Dén Kamasan; inggih nuhun raka mas yén sapuniku; yén sumangga boten kula; mung amit nyoba ngalangi.

1346. Yén wonten barkat raka mas; yén manawi wonten déwa nulungi; tan dangu nulya tumurun; lumampah inggil toya; pan kadhewek karewek anyandhak sangku; héh kapiting uwis sira; agawéa pasanggiri.

1347. Sun jaluk sangku dén énggal; nunten menga supité sang kapiting; kapiting bisa calathu; inggih gusti sumangga; pan cinandhak Radén Kamasan puniku; sadaya samia cingak; hémeng samyani ningali.

1348. Nunten Rahadén Kamasan; punang sangku énggal dipun aturi; dhateng Ratu Cina gupuh; raka mas gih sumongga; pana nembah Raja Cina hatur nuhun; nulya dénsungaken énggal; maranging kang rainéki.

1349. Nyi Rindu Wangsana nembah; anampéni ing sangku-
nira gipih; bungah manahé kalangkung; lah biang adhi paran;
sangkunipun cinandhak dénelus-elus; sasampuning samangkana;
bubar sakancané aglis.

1350. Tanpantara nulya prapta; ing pakuwon Ratu Cina
sirangling; dhateng Gajah Kayuapu; héh kadangé si kakang; adhi
bakal panganten kaprimén iku; lamun wis kaya mangkana; mangko
pakayunan adhi.

1351. Si kakang ayun uninga; pan awangsul Gajah Kayapu
aglis; inggih raka emas nuhun; yén karsa amariksa; salebeting ma-
nah kaula puniku; tan wonten sawios kula; seja angaula mangkin.

1352. Dhateng kang linggih rai mas; dhateng Radén Marga-
laya puniki; Ratu Cina ngandika rum; lah adhi /yén/ samangkana;
yén si kakang anaksénì sami sukur; Ratu Cina angundhanga;
dhateng Ratu Kembang aglis.

1353. Héh Ratu Kembang mrénéa; sukurena gigir si kakang
aglis; Ratu Kembang sigra gupuh; medhek dhateng kang raka;
Ratu Cina nulya angandika arum; dhumatenga rai emas; ing Ra-
dén Kamasan mangkin.

1354. Pun kakang jeng ngaturena; gih pun adhi Ratu Kem-
bang wastéki; lah yén luputipun; tan kénging dipun warah; lah
sademen dhateng suruh jambé apu; dhumateng sabrang Pulém-
bang; wangenen garem tarasi.

1355. Si kakang tatorogira; nulya Radén Margalaya nembah
ris; inggih raka kula nuhun; tan wonten cacadira; pan wantuning
putra bopati satuhu; éndahé kabina-bina; ayu anom tur alindri.

LV. SINOM

1356. Kén Mundhing Cina ngandika; dhumateng kang rai aris; héh Rahadén Margalaya; pun kakang sadya ngaturi; ngaturaken pun adhi; Rindu Wangsana puniku; lumayana kéntasa; supama kathah pancéni; utawia jabrag-jabrug jabra olah.

1357. Matengi jantung pinindhang; ngawajik ngangge tarasi; mépés daging ngangge gula; atis tangan angekepi; yén gantéh anunduti; tur kaduwul tarang kapuk; wadenana dén énggal; yén boten ingkang numbasi; gih si kakang badhé gé panorogira.

1358. Inggih nuhun raka emas; tan wonten kuciwanéki; wantuning putra naréndra; patutan sangking nagari; tan wonten awonéki; aming sakalintang nuhun; Lembu Kayapu ika; lajeng ngaturaken adhi; katurena dhateng Radén Margalaya.

1359. Inggih Radén Margalaya; pun kakang ngaturi adhi; Payung Agung namanira; yén kathah awoning mangkin; sademen dénagelis; yén boten wonten kang tungku; kados pundi rai mas; pun kakang tutumpangnéki; boten kakang tan wonten awona pisan.

1360. Wantuné tambak nagara; réh putra wong agung mangkin; kaula nuhun raka mas; pasian jeng raka iki; yén sampuning samangkin; Ratu Cina ngandika rum; dhumateng rai emas; Radén Margalaya aglis; lah sumongga rai mas pinarek lenggah.

1361. Kursi gadhing lingghihena; ginéndhéng astané iki; munggéng tengen Ratu Cina; Mundhing Cina munggéng kéring; kang eneraken korsi; Kéna Lembu Kayuapu; sigra lininggihena; aminggah ing korsi gadhing; sakatiga wanodya dadi satunggal.

1362. Satria baé satunggal; wanodya titiga sami; karana dédé wong lian; agé lelenga susuri; sakatiluné sami; karana mangké arawuh; Rahadén Margalaya; bengi tan wandé aguling; anang gria ana déné ing si kakang.

1363. Tan wandé medhaling jaba; kalih Mundhing Cina sami; Gajah Kayapu katiga; sami medhal dhateng jawi; tunggu paséban mangkin; sakatiga amit mantuk; Ratu Cina (a)nembah; dhateng Margalaya aglis; pan sumongga rayidika lebet gria.

1364. Parwakalih sumaura; héh ki Ratu Cina iki; kanapa bandara kita; bandara baé kang manjing; kon manjingana gelis; ari kitha endi turu; sumaur Ratu Cina; déné bapa tua iki; amangkana turu manjing pawonika.

1365. Kidang Pananjung pan mojar; kulukuten saurnéki; arika si raka tua; pantesa pan milu manjing; arep milu aguling; gudhabik hong sauripun; sauré Gelap Nyawang; bagén aja dénopéni; uwong tua élok baé sambiwara.

1366. Radén Margalaya mojar; héh ya kakang Parwakalih; teka gerah temen kakang; kakang payoa ming kali; matur kang Parwakalih; sumangga piaturipun; Rahadén Margalaya; lungsur sangking korsi gadhing; tan antara nulya medhal dhateng jaba.

1367. Déniring pamongmongira; dopi rawuh kalinéki; nulya aningali ulam; kang ulam ta(m)bra kakalih; nunten ngandika aris; réh dén Margalaya iku; héh Parwakalih kakang; tingalana tambra iki; sakembaran sisik kancana gumilang.

1368. Mara kakang nyilih jala; sing ngariku Parwakalih; bangsul pakuwon matura; beluk sangking latarnéki; Mas Ratu Kembang

mangkin; kinongkon anambut rukup; sumaur Ratu Kembang; apa rukup rupanéki; lah manira ora hidhep rukup ika.

1369. Manawa araning jala; loh jala sabenernéki; ujar Parwakalih ia; Parwakalih nampa gipih; nulya dipun aturi; Radén Margalaya muwus; tambra pan tiningalan; sampun ical kalihnéki; mangu lampah Rahadyana Margalaya.

1370. Alenggah inggiling séla; jala inggil séla kari; Radén Margalaya mojar; kakang Parwakalih ngriki; dén parek marang mami; Gelap Nyawang Kidang Nanjung; Rahadén Margalaya; nulya angandika aris; yén mangkana mengko kakang karep ingwang.

1371. Kakang payo padha minggat; tetapi kakang samangkin; bok ana kang atambua; marang laku kita iki; ngakoni aran mami; kakang papajara ingsun; Dén Gambuh Margalaya; ngamén nopéng seja mami; wangsulana Parwakalih loh ingapa.

1372. Wong dadi pangantén anyar; teka rep minggat sing ngriki; kaprién sababé ika; méndah temen ingkang kari; Nyi Ratu Kembang mangkin; Rindu Wangsana Payung Agung; wong dénok mencokana; mangu sakatiganéki; tenggakira kadi sosonggét tumingal.

1373. Teka akatonen padha; olah-olah ana uwis; tan wandé pada mayua; padha payu baé mangkin; beli karuanéki; Radén Gambuh ngandika rum; mulané ingsun kakang; karep minggat sapuniki; bok angrika ora weruh sababira.

1374. Sun bali arep kagarap; déning wong wadon samangkin; yén durung sapagepokan; lan Retna Inten rumiyin; mulané sun

singgahi; supaya aja katemu; pagepok wadon lian; makaten jar Parwakalih; yén supama inggih makaten dawega.

1375. Samya lumaris alampah; lah ing kono Parwakalih; Radén Gambuh Margalaya; bubar sabaturé aglis; Radén sigeg rumiyin; kocap Nungsa Bali mutung; langkunging jembar ika; jembar papanéng aradhin; amuktia wibawa kang adarbéa.

1376. Kang adarbéning nagari; Pangéran Gajah witnéki; Gumeter wekasanira; darbé sadhérék pawéstri; k/a/loka jana priéki; marang tanggané tut waru; tatangga nungsa lian; lan sasami ming nagari; ayunira lir kanti lawan déwata.

LVI. K I N A N T I

1377. Wanodya jujulukipun; Nyi Girang Wayang witnéki; Haras Kembang tengahira; Sakéan Panatabumi; miwah sadéréké misan; tunggal sapakuwon sami.

1378. Jujuluk Kidang Andaru; ya Panji Walungansari; darbé sadhérék wanodya; Mayang Karuna wastéki; sigeg Nusa Bali ika; kocapa para ponggawi.

1379. Ponggawi kang lagya kumpul; anggegana lampahnéki; tebeng wonten méga malang; wondéning kang dénkarepi; padha karsa saémbara; dhateng putri Nungsa Bali.

1380. Sang putri langkung kasuhur; anungsa soring wiati; kaloka ka jana pria; dadi ginggang pra bupati; wasta déwi Giwang Wayang; Haras Kembang tengahnéki.

1381. Wonten malih wastanipun; Sakéan Panatabumi; iku kang dénarsakena; sami ajeng angrabéni; langkung kathah ngarsakena; para ponggawi kang luwih.

1382. Sampun ta kempel sadarum; ing méga malang mrepeki; wondéning kang ngarepena; ing sewiné siji-siji; jujuluk ingkang ponggawa; Elang Ngambang kang karihin.

1383. Jalak Mamprang kalihipun; Banyak Patégangé malih; Kuntul Wulung ping sakawan; Gagak Wulung limanéki; Dhipati Mraja Honengan; pitu Andur Manggaleki.

1384. Tejalarang kaping wolu; Tejamentrang sanganéki; Téjabuana sadasa; sawlas Téjabumbang mangkin; Gajah Maluwuh rowelas; lan Panji Walungansari.

1385. Gajah Mangkurat puniku; Demang Kahiangan sami; langkung lir kunjana papa; lampahé para ponggawi; Elang Ngambang sumaura; babu adhiku mariki.

1386. Girang Wayang mara ayu; si kakang pondhong ras pipi; épék tangané dénemban; ponggawi kathah nyauri; yén uwis nyaur satunggal; hur sadaya Girang mami.

1387. Padha sumaur gumuruh; adhi si kakang ngariki; Girang Wayang aja tebah; si kakang kalangkung branti; sigeg punggawa kumpulan; wonten méga malang mangkin.

1388. Nungsa Siem kang cinatur; tur radhin pasiteneki; sakalangkung jembarira; déning kang darbé nagari; jujuluk Ken Badhak Cina; adarbe sadhérék éstri.

1389. Wondéning ing wastanipun; Nyi Kastorilarang léwih; muwah sadhéréké misan; tunggal sapakuwoneki; wastane Mundhing Tandegan; lan darbe sadherek estri.

1390. Tur ayu ing warnanipun; wasta Nyi Kastoriwangi; sami éca paguneman; sajroning pakuwoniki; Kén Badhak Cina ngandika; dhateng ingkang rai aris.

1391. Héh adhi si kakang bagus; Mundhing Tandegan ing mangkin; sedhenging gemah nagara; tinandur kang sarwa dadi; sarya murah kang tinumbas; suka atiné wong cilik.

1392. Gelar cacah somahipun; wus ana salaksa iki; nanging kakang durung réna; tan énak rasaning ati; malih gedhé ing panedya; adhi payu mangun teki.

1393. Andon tapa aneng duhur; wonten saduhuring langit; sompoking sréngéngé ika; Mundhing Tandegan mangsuli; seja raka mangun tapa; punapa kang dén karsani.

1394. Yén adhi takon puniku; ayun si kakang sing dhingin; si kakang jeng kacundukan; raja sinatria sakti; ajeng ulun kumawula; manjing ngambdi tan dénbeli.

1395. Damel paku dén akukuh; karya uger-uger wesi; damel jangka alalayat; tali dhom ing karsaneki; yén sida rawuh satria; putraning naléndra luwih.

1396. (Rep) si kakang sapuniku; Mundhing Tandegan mangsuli; inggih ngiring kula raka; Badhak Cina ngandika ris; héh adhi Kastorilarang; miwah Nyi Kastoriwangi.

1397. Dén becik kari sireku; si kakang rep mangun teki; sompoking sréngéngé pisan; ana sapethiting langit; Kastori (larang) matura; kalih Nyi Kastoriwangi.

1398. Gih raka mas kula nuhun; nanging kula jeng ngudani; apa kang dén karsakena; yén kang raka brangténg widi; krana pangraos kaula; ing mangké mami nagari.

1399. Kados Siem gemahipun; iku samining bopati; mukia wibawanira; tur agung kelar pribadi; raka Badhak Cina mojar; masalah makaténneki.

1400. Wis karuan sapuniku; amung saprakara maning; durung kalakon si kakang; dué panedya sing dhingin; dué ipé sinatria; satria putra narpati.

1401. Sapuniku karep ingsun; yén kalakon sapuniki; wis énak sajroning manah; Badhak Cina muwus malih; Léngsér sira tunggonana; palinggian korsi gadhing.

1402. Palinggian kalihipun; tunggonana dén abecik; bok ana kang tunggang taya; bujangga kang anggirisi; jumrojog tanpa larapan; ja dén tata pandunéki.

1403. Takepena dén tambalung; nuli belok dén agelis; Léngsér nuhun satimbalan; Badhak Cina ngandika ris; marang Nyi Kastorilarang; muwah Nyi Kastoriwangi.

1404. Babu nyai ja bis turu; si kakang miang saiki; kalawan Mundhing Tandegan; Kastorilarang sauri; Kastoriwangi tur nembah; kondur si kakang lumaris.

LVII. D U R M A

1405. Badhak Cina énggal wau lampahira; nulya dedel pretiwi; anggayuh akasa; mesat madya modhara; sieng ngambah sing wiati; pan anggagana; patapan kang dén jugi.

1406. Jog tumedhak ing sompoking diwangkara; tan dangu nulya prapti; pan sampuna lenggah; sami aneja tapa; kasigeg kang mangun teki; wonten kocapa; nagara Nungsa Bali

1407. Wonten éstri kaloka ka jana pria; ayuning liliwati; langkung sing wong kathah; méh langkung sing déwata; mustikaning Nungsa Bali; ayu kalintang; Girang Wayang wastéki.

1408. Wonten malih éstri sadhéréké misan; wondening wasttanéki; Mas Mayang Karuna; kénging prabawanira, kathah durat maka mangkin; para ponggawa; kathah ingkang ngarepi.

1409. Malah mangké sampun pepek ing gagana; ponggawa jeng ngarsani; dhateng Girang Wayang; punggawa kawan welas; kocap Girang Wayang mangkin; nenun karyanya; ing balé kancanadi.

1410. Sumaura Nyi Mas Girang Wayang énggal; maranging ranéki; héh Mayang Karuna; gerah temen si kakang; kapéngin kesah ming kali; iki sadhela; Mayang Kruna mangsuli.

1411. Mangkin raka kula jeng matur sampéan; Gajah Gumeter krihin; muwah dhateng raka; Kidang Andaru samya; karana sangking ngariki; lah kudu ana; uwong kang anunggoni.

1412. Bocah wadon iku kang badhé tunggua; Nyi Mayang Karuna glis; maleku ing pura; tan dangu Girang Wayang; medhal sangking lawang iki; sigra lumampah; nulya rawuh ing kali.

1413. Nulya énggal tingal sangking gagana; Sang Elang Ngambang gipih; nubruk Girang Wayang; gupuh mengsat gagana; lamajang wuwungkusnéki; para ponggawa; gita kapati-pati.

1414. Tan pantara ponggawa kathah nerajang; padha anubruk wani; ponggawa ngakathah; angrebut Elang Ngambang; tinulya karebut aglis; Nyi Girang Wayang; lemes sariranéki.

1415. Kadi wardukahasatan déning toya; nunten rinebut malih; déning Jalak Mamprang; Jalak Mamprang kasendhal; Banyak Patégang nyrendhali; kinandut sigra; nulya kasendhal malih.

1416. Kuntul Wulung angrebut Banyak Patégang; kinandut dodot nira; Gagak Wulung ika; narajang angebruka; Gajah Manglawu rebuting; kinandut sigra; kandut jajaritnéki.

1417. Pan rinebut malih rebut-rinebutan; Panji Walungan Sari; pan nulya narajang; Gajah Manglawu dupak; Gajah Mangkurat anarik; Kén Téja Bu(ng)bang; sinareng ngrebut malih.

1418. Téjalarang Téjamentrang pana nyendhal; sendhal sinendhal wani; inggil paparanya; dumugi antariksa; geblasa kalangkung inggil; nulya narajang; kang lagi mangun teki.

1419. Badhak Cina iku ingkang lagi tapa; kalawan raineki; Kén Mundhing Tandegan; katarajang paprangan; kang dén rebut iku putri; Mas Girang Wayang; Badhak Cina sira ngling.

1420. Héh ta ngapa tan ta(ta) sira kaparat; narajang ingsun iki; sun lagi tatapa; kalawan adhi ingwang; lah padha tan katingali; bloloken padha; matamu tan ningali.

1421. Andon gulet maring patapaan ingwang; Gajah Mangkurat angling; /a/ na wong kéné baya; jing ora kaweruhan; Kén Badhak Cina ningali; waspadakena; apa dén nggo rebuti.

1422. Wis waspada kang dén enggo rerebutan; iku titiang éstri; rahadén kejepa; payu Mundhing Tandegan; aja padha dén tingali; nulya narajang; wong agung kalihnéki.

1423. Pan karebut sangking Kén Gajah Mangkurat; gupuh den palayoni; Kén Mundhing Tandegan; sumruwuk lampahira; jog rawuh tumibéng siti; sakalihira; Kastorilarang ngriki.

1424. Badhak Cina Mundhing Tandegan ngandika; Kastorolarang iki; Kastoriwangika; samya atatakona; kang raka kon gelar lampit; amangsulana; raka sakalihnéki.

1425. Lah punapa kula dikén anggegelar; pan wonten kursi gadhing; palinggian raka; korsi kakalih ika; agé gelarana lampit; lampit kang éndah; sauré raka kalih.

1426. Énggal nuta lanté dipun gelaréna; wonten pasowan puri; sinosok kandutan; raka Mundhing Tandegan; dén pedhalaken tumuli; putri kang éndah; Girang Wayang medhali.

1427. Pan ngujiwat kang rai sakalihira; medhal putri satunggil; Nyi Kastorilarang; Kastoriwangi samya; malengek ing manahnéki; melok warnanya; kadi purnama sidi.

1428. Kados pundi wau kakang ajeng tapa; baya boten nyektosi; seja telak brongta; sompok sréngéngé ika; mucat wirangrong wiati; lah malah mandar; karawuhé kang becik.

1429. Karawuhan satria putra naréndra; jagané wurinéki; nulya nduratmaka; putri sing endi warna; asru karunané iki; asambat raka; Gajah Gumeter gusti.

1430. Lawan Kidang Andaru agé nusula; kula anéng wiati; ana ing gagana; baya kakang tan welas; darbé sadérék pawestri; lagi dhinusta; sing gagana wiati.

1431. Tan anusul raka ing sakalihira; Mundhing Tandegan angling; muwah Badhak Cina; yayi mangké menenga; uwis adhi aja nangis; adhi si kakang Girang Wayang dhi mami.

1432. Yén si kakang rebut sotéh Girang Wayang; dudu enggo pribadi; si kakang tatapa; kapéngin karawuhan; satira putra sang aji; go kumawula; ajeng ngaturi bekti.

1433. Yén kalakon paneja kakang ming déwa; ora na pangebekti; mung iki nagara; malah samangko raka; asrah puniki nagari; ming Girang Wayang; lah iku cendhéknéki.

1434. Srah nagara miwah saisiné pisan; salaksa cacahnéki; héh adhi si kakang; rai Kastorilarang; kalawan Kastoriwangi; agé mrénéa; si kakang wawarahi.

1435. Agé bakta kakangira Girang Wayang; malebu ing jro puri; marang padaleman; asrahna pagulingan; sumangga raka angiring; timbalan raka; manis wangsulanéki.

LVIII. DANGDANGGULA

1436. Nyi Mas Girang Wayang pan lumaris; pan wus kéring Nyi Kastorilarang; Kastoriwangi wingkingé; tan dangu nulya rawuh; padaleman kasrahing mangkin; pagulingané pisan; Girang Wayang lungguh; sareng Nyi Kastorilarang; katigané Kastoriwangi tan tebih; wong Siem sukan-sukan.

1437. Pan kasigek kang asuka linggih; kang kocapa Radén Margalaya; Parwakalih sabaturé; kalunta lampahipun; sangking Nungsa Cina nagari; tan dangu nulya prapta; ing pinggiranipun; ing kikisik lirénira; aningali prahu kumambang aminggir; Radén Gambuh ngandika.

1438. Kakang Parwakalih lah puniki; coba kakang iku tatakéna; prahu sing endi dhatengé; manawa olih tinut; payu numpang padha tumuli; pan juragan iku; kira kitha arep numpang; ming bahita punang juragan nauri; maranging réncangira.

1439. Héh wong konca soara punapi; tan karuan celathuné ika; samangkono karunguné; setang angibur-ibur; Radén Gambuh sumaur aris; adat si kakang ika; ngucap jampalng-jemplung; sadédéwa sambéwara; coba kula tatakon sabenernéki; Rahadén Margalaya.

